

Vaksen Menengokòk

Sa Ou Dwe Konnen

Anpil Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib an Panyòl ak lòt lang yo tou. Gade nan www.immunize.org/vis.
Hojas de Información Sobre Vacunas están disponibles en Español y en muchos otros idiomas.
Visite <http://www.immunize.org/vis>

1 Kisa maladi menengokòk la ye?

Maladi Menengokòkmenengokòk la se yon maladi ke yon bakteri bay ki grav anpil. Se li menm an premye ki lakòz maladi menenjit ke bakteri bay kay timoun ki genyen 2 jiska 18 ane daj nan peyi Etazini. Menenjit la se yon enfeksyon nan pati ki kouvri sèvo-a ak mwal ki nan rèl do-a.

Maladi menengokòk lakòz enfeksyon yon moun ka genyen nan san li tou.

Apeprè 1000 – 1200 moun trape maladi menengokòk la chak ane nan peyi Etazini. Menm lè yo trete yo ak antibyotik, 10%-15% moun sa yo mouri. Pami moun ki viv yo, yon lòt 11%-19% pèdi bra yo oswa janm yo, genyen ki gen pwoblèm ak sistèm nè yo, genyen ki vin soud oswa retade mantalman, oswa ki vin soufri ak kriz malkadi oswa konjesyon serebral.

Nenpòt ki moun ka trape maladi menengokòk la. Men yo jwenn li pi souvan kay tibebe ki genyen mwens pase yon ane ak moun ki genyen 16-21 ane. Timoun ki genyen kèk pwoblèm sante, tankou yo y opa genyen larat, timoun sa yo genyen pi gwo chans pou ta vin trape maladi menengokòk la. Etidyan premye ane nan kolèj k'ap viv nan dètwa yo gen gwo risk pou trape li tou.

Yo kapab trete enfeksyon menengokòk la ak medikaman tankou penisilin. Malgre sa, anpil moun ki trape maladi a mouri akòz de li, epitou anpil lòt moun afekte pou lavi. Se pou rezon sa itilize vaksen monengokòk la pou evite maladi sa enpòtan anpil pou moun ki genyen pi gwo risk yo.

2 Vaksen menengokòk

Genyen de (2) kalite vaksen menengokòk nan peyi Etazini:

- Vaksen menengokòk konjige (**MCV4**) se vaksen prefere pou moun ki genyen laj 55 an ak sa ki pi jèn yo.
- Vaksen menengokòk polisakarid (**MPSV4**) te vin disponib depi lane 1970 yo. Se sèl vaksen menengokòk ki otorize pou moun ki gen plis pase 55 an.

Toude vaksen sa yo kapab evite 4 kalite maladi menengokòk, ladan li genyen 2 oswa 3 kalite ke yo jwenn pi souvan nan peyi Etazini ak yon lòt kalite ki lakòz epidemi nan Afrik. Genyen lòt kalite maladi menengokòk; vaksen yo pa pwoteje kont sa yo.

Meningococcal VIS - Haitian Creole (10/14/11)

3 Ki moun ki dwe pran vaksen menengokòk la epi kilè?

Woutin Vaksen

Yo rekòmande pou bay de (2) dòz MCV4 kay adolesan ki gen laj 11 jiska laj 18 ane: premye dòz la a 11zan oswa 12 zan daj, ak yon dòz rapèl a 16 zan.

Adolesan nan gwoup laj sa ki genyen enfeksyon VIH dwe pran twa dòz: 2 dòz (dezyèm dòz la 2 mwa aprè premye-a) a laj 11 zan oswa 12 zan, plis yon dòz rapèl nan laj 16 zan.

Si yo bay premye dòz la (oswa seri-a) ant laj 13 ane ak 15 ane, yo dwe bay dòz rapèl la ant 16 ak 18 ane daj.

Si yo bay premye dòz la (oswa seri-a) apre laj 16 jou lè timoun nan fin fèt, yo pa bezwen bali yon dòz rapèl.

Lòt Moun Ki Genyen Pi Gwo Risk

- Etidyan premye ane nan kolèj k'ap viv nan dètwa yo.
- Moun k'ap travay nan laboratwa ki an kontak vire tounen ak bakteri menengokòk la.
- Militè Ameriken key o fèk rekrite yo.
- Nenpòt moun k'ap vwayaje, oswa ki abite nan, yon zòn nan lemond kote yo jwenn maladi menengokòk la tout tan, tankou kèk kote nan Afrik.
- Nenpòt moun ke larat yo andomaje, oswa ke yo te retire larat yo.
- Nenpòt moun ki genyen ensifizans nan eleman konpleman yo (maladi sistèm iminitè).
- Moun ki te ekspoze a maladi menenjit la pandan pandan yon epidemi.

Timoun ant laj 9 ak 23 mwa, ak tout lòt moun ki genyen kèk pwoblèm medikal bezwen de (2) dòz pou bon jan pwoteksyon. Mande doktè w la sou kantite ak kilè pou'w pran dòz yo, epitou si ou bezwen dòz rapèl.

MCV4 la se vaksen prefere pou moun nan gwoup sa yo ki genyen 9 mwa jiska laj 55 ane. Yo kapab itilize MPSV4 la pou granmoun ki genyen plis pase 55 ane.



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention

4**Genyen moun ki pa dwe pran vaksen menengokòk la oswa ki dwe tann.**

- Nenpòt moun ki te genyen yon reyaksyon alèji grav (ki menase lavi li) aprè yon dòz vaksen MCV4 oswa MPSV4, pa dwe pran yon lòt dòz nan okenn nan vaksen yo.
- Nenpòt moun ki te genyen yon reyaksyon alèji grav (ki menase lavi li) aprè yon dòz nenpòt eleman ki nan yon vaksen pa dwe pran vaksen-an. *Fè doktè-ou konnen si ou te genyen yon pwoblèm alèji grav.*
- Nenpòt moun ki genyen yon maladi plizoumwen grav oswa grav anpil nan dat yo te pran randevou pou pran vaksen-an, ta dwe tann nòmalman jiskaske yo geri avan yo pran vaksen-an. Mande doktè-ou. Moun ki genyen yon maladi ki pa grav kapab pran vaksen an.
- Fanm ansent kapab pran vaksen menengokòk la. Vaksen MCV4 a, se yon vaksen ki fèk parèt, epi yo pa etidye li sou fanm ansent anpil menm jan ak vaksen MPSV4 la. Se pou yo itilize li sèlman si gen nesosite. Fabrikan vaksen MCV4 la kenbe yon rejis sou fanm yo ki pran vaksen-an pandan yo ansent.

Sof si yon se yon timoun ki soufri ak maladi anemi falsifòm oswa ki pa genyen yon larat ki fonksyone, yo kapab ba yo vaksen menengokòk yo an menm tan ak lòt vaksen yo.

5**Ki risk ki genyen nan vaksen menengokòk yo?**

Yon vaksen, tankou nenpòt ki medikaman, kapab lakòz pwoblèm grav, tankou gwo reyaksyon alèji. Risk pou vaksen menengokòk la koze gwo pwoblèm grav, oswa lanmò, piti anpil.

Endispozisyon ki pa dire lontan ak sentòm ki asosye yo (tankou sekous oswa mouvman tankou kriz malkadi) kapab rive apre yon vaksinasyon. Yo rive pi souvan kay adolesan yo, epi yo kapab lakòz yo tonbe oswa fè aksidan.

Chita oswa kouche pandan apeprè 15 minit apre yo fin pran piki-a – espesyalman si w santi ou anvi endispoze – kapab ede pou evite aksidan.

Pwoblèm ki pa grav yo

Prèske mwatye nan moun ki pran vaksen menengokòk la genyen kèk ti efè segondè, tankou po wouj, oswa doulè kote yo pran piki-an.

Si pwoblèm sa yo ta rive, yo dire nòmalman 1 oswa 2 jou. Yo rive pi souvan aprè vaksen MCV4 la ke aprè vaksen MPSV4 la.

Yon ti pousantaj moun ki resevwa vaksen-an devlope yon ti lafyèb.

Pwoblèm ki grav anpil yo

Reyaksyon alèjik grav yo, ki rive kèk minit jiska kèk èdtan aprè piki an, se ka ki ra anpil.

6**Kisa pou fè si genyen yon reyaksyon ki plizoumwen grav oswa ki grav anpil?****Kisa mwen dwe chèche?**

Nenpòt ki kondisyon ki pa nòmal, tankou yon reyaksyon alèji ki grav oswa gwo lafyèb ki wo anpil. Si ta genyen yon reyaksyon alèji grav ki rive, li sipoze rive aprè kèk minit jiska inèdtan aprè piki-a. Siy reyaksyon alèji grav yo kapab genyen ladan yo **difikilte pou respire, feblès, vwa anwe oswa sifleman, kè-a bat vit, chof, toudisman, ten pal,** oswa **gòj anfle.**

Kisa mwen ta dwe fè?

- Rele yon doktè, oswa mennen moun nan lakay yon doktè san pèdi tan.
- Eksplike doktè w la sa ki te rive, dat ak lè sa te rive, ak kilè ou te pran vaksen-an.
- Mande founisè w la pou w fè yon rapò sou reyaksyon-an nan fòmilè Sistèm pou Rapò sou Move Reyaksyon yon Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System) (VAERS). Oswa ou kapab ranpli yon rapò sou sitwèb VAERS la nan www.vaers.hhs.gov, oswa rele nan **1-800-822-7967**.

VAERS pa bay konsèy medikal.

7**Pwogram Nasyonal Pou Konpansasyon Pou Viktim Aksidan Nan Vaksen Yo (The National Vaccine Injury Compensation Program)**

Pwogram Nasyonal Pou Konpansasyon Nasyonal Pou Viktim Aksidan nan Nan Vaksen Yo (The National Vaccine Injury Compensation Program) (VICP) te kreye nan lane 1986.

Moun ki panse key o se victim yon avksen kapab aprann plis sou pwogram la ak kòman pouf è yon reklamasyon lè yo rele nan **1-800-338-2382** oswa vizite sitwèb VICP-a nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation.

8**Kijan mwen kapab apran plis?**

- Doktè w la kapab ba w papye enfòmasyon nan bwat vaksen-an oswa sijere lòt sous pou plis enfòmasyon.
- Rele depatman sante lokal la oswa eta ou ladan l la.
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Yo (Centers for Disease Control and Prevention) (CDC):
 - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
 - Vizite sitwèb CDC a nan www.cdc.gov/vaccines

Vaccine Information Statement (Interim)
Meningococcal Vaccines

10/14/2011

Haitian Creole

42 U.S.C. § 300aa-26

Translation provided by Massachusetts Department of Public Health